

25 novanm

Men, si antan m ap viv sou tè a toujou, mwen ka fè kèk travay ankò pou Senyè a, nan ka sa a, mwen pa konn ankò sa m pito. Mwen ta renmen fè tou de : Mwen ta renmen mouri pou m ta avèk Kris la. Sa pi bon anpil pou mwen. Men, li ta pi bon pou nou pou m rete viv sou latè. Filipyen 1. 22-24

Mizè ak richès

“Vyeyès se pi gwo mizè. Mwen te kwè lè m te jèn m pa t ap janm vin granmoun. Mwen pa t ka imajine fatig sa a t apral anvayi m depi nan tèt jis rive nan plat pye mwen. Depan-dans lan ogmante bezwen lòt moun yo, lè li vin enposib pou fè jès chak jou a, sa vle di, bay tèt ou sa li bezwen chak jou, epi ede lòt moun ki gen bezwen. Alò, fòk ou aksepte minit pa minit eta enkapasite sa a ki vin pi tèrib chak jou. Mwen konnen nan yon mwa ankò bagay yo ap pi difisil pase jan yo ye jodi a. se vrèman difisil. Mwen pa janm viv yon sitiyasyon parèy. Men, mwen rekonèt anmenmtan... se yon sitiyasyon ki pwofitab bò kote esprityèl.

Abandone m nan men Papa Bondye, se chemen sa a mwen ladann kounye a... mwen te prepare pou m mouri, men mwen pa t prepare pou vyeyès. M pat janm panse si lanmò mwen ta va mete yon pwen final nan yon vi plèn e aktiv... Mwen konnen kounye a m dwe tann dènye moman pou m mouri. Fòk mwen pase nan eprèv gran vyeyès la. Mwen dwe aksepte kòmansman lanmò a avèk fèblès nan kò a, depann de lòt moun. Jou lanmò m preske rive. Mwen prepare pou m mouri, pandan ti moman sa a ki rete m nan, m ap privejye sa ki pi enpòtan pou lavi mwen. Se yon etap enpòtan ki rete pou mwen mete lòd nan lavi m anvan mwen prezante devan Senyè a...

Nan moman kote m tou pre letènite, mwen wè lanmò tankou yon ti moun k ap kouri ale jwenn papa l pou li lage l nan men li. Mwen dakò ak verite esansyèl sa a nan Senyè. Mwen se pitit fi li”.

Sè Emanyèl (Li gen 99 ane)

25 novembre

Si j'ai à vivre dans le corps, j'aurai du fruit de mon travail ; et ce que je dois choisir, je n'en sais rien. Je suis pressé des deux côtés : j'ai le désir de partir et d'être avec Christ, car c'est, de beaucoup, meilleur ; mais il est plus nécessaire à cause de vous que je demeure dans le corps. Philippiens 1. 22-24

Dénuement et richesse

“La vieillesse est le dénuement par excellence. J'ai eu la naïveté de croire que la vieillesse ne m'arriverait pas. Je ne pouvais imaginer cette fatigue qui m'envahit de la tête aux pieds. La dépendance accroît le besoin des autres, lorsqu'il devient impossible de faire les gestes du quotidien. Il faut alors accepter, minute par minute, cet état d'incapacité qui augmente au fil des jours. Je sais que, dans un mois, ce sera encore plus difficile qu'aujourd'hui. C'est très dur. Je n'ai jamais rien vécu d'aussi éprouvant. Mais je reconnais en même temps à quel point c'est salutaire... au point de vue spirituel.

M'abandonner entre les mains de Dieu, telle est ma voie pour le moment... Je m'étais préparée à la mort, pas à la vieillesse. J'avais imaginé que ma mort mettrait un point final à une vie pleine et active... Je sais maintenant que je dois attendre ce moment ultime. Il me faut passer par l'épreuve de la grande vieillesse. Accepter les préliminaires de la mort, avec la faiblesse physique, la dépendance. Ma mort est proche. Je me prépare à mourir en privilégiant ce qui est prioritaire pour le laps de temps qui me reste à vivre. C'est une étape importante qui m'est donnée pour une remise en ordre intérieure avant de me présenter devant le Seigneur...

Au moment où je me rapproche de l'éternité, je vois la mort pareille au mouvement de l'enfant qui se jette dans les bras de son père. Je me replace dans cette vérité essentielle de ma foi dans le Seigneur. Je suis sa fille.”

d'après Sœur Emmanuelle (99 ans)